# EKOLOGIYALÍQ TÁRBIYAǴA BAǴDARLANǴAN SOCIALLÍQ JOYBARLARDÍŃ ÁHMIYETI

**G.K.Djalǵasbaeva**
*magistrant*
*A'jiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanısh sózler:** *Qorshaǵan ortalıq, ekologiya, ekspluataciya, tábiyat, joybar, sociallıq joybar, sana-sezim, pataslanıw, sawbet, pikir, chellendj, ekologiyalıq huquq, insanparwarlıq, juwapkershilik*

**Tayanch so'zlar:** *Atrof-muhit, ekologiya, ekspluatatsiya, tabiat, loyiha, ijtimoiy loyiha, ong, ifloslanish, suhbat, fikr, chellenj, ekologik huquq, insonparvarlik, mas'uliyat.*

**Ключевые слова:** *Окружающая среда, экология, эксплуатация, природа, проект, социальный проект, сознание, загрязнение, беседа, мнение, челлендж, экологическое право, гуманизм, ответственность*

**Key words:** *Environment, ecology, exploitation, nature, project, social project, consciousness, pollution, dialogue, thought, challenge, environmental law, humanism, responsibility*

**Kirisiw.** Búgingi kúnde qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw máselesine júdá úlken itibar qaratılıp atırǵanı hesh kimge sır emes. Ekologiyanıń eń tiykarǵı máselesi insannıń adamgershilik pazıyletlerine baylanıslı bolıp tabıladı. Ana tábiyatqa tek paydalanıw faktorı esabında qaraw onıń tiykarǵı nızamlarına tuwrı kelmeytuǵınlıǵın atap ótiw orınlı. Biz tábiyattı asırap-abaylawdı kúndelikli shıǵındılardı arnawlı orınlarına jaylastırıw sıyaqlı ápiwayı kóringen is-háreketimizden baslawımız tiyis. Sebebi, itibarsızlıq, átiraptıń pataslanıwı, qaysıdur mániste tábiyattıń «ekspluataciyalanıwına» alıp keledi. Bul bolsa aqıbetinde ekologiyalıq mashqalalarǵa hám civilizaciyanıń hálsirewiniń basqa da kórinisleriniń sebepshi bolıp qalıwı múmkin. Bir sóz benen aytqanda hár bir insan bul máselege juwapkershilik penen qarawı hám bunday aqıbetlerdiń aldın alıw ushın zárúr is-ilajlardı kóriwi naǵız insanıylıq pazıylettiń biri desek asıra aytqan bolmaymız.

Sonı da aytıp ótiw kerek, insan ádebin tábiyattan ajıratqan halda qıyalǵa keltirip bolmaydı. Sebebi, tábiyat - insannıń ustazı. Insaniyattıń sociallıq dúzilisi de bir tiri organizm. Sonlıqtan barlıq tiri janzatlardıń aǵzaları hár qıylı wazıypanı orınlaǵanı sıyaqlı jámiyettegi túrli qatlam hám klasslar tek ózlerine tiyisli wazıypanı orınlaydı. Tiri janzattıń qaysıdur bir aǵzası awırsa, basqa aǵzalarǵa da tásir etiwi sıyaqlı jámiyettiń bir qatlamındaǵı min onıń ulıwmalıq jaǵdayına da óz tásirin kórsetedi. Sol ushın da jer júziniń hár bir qatlamın kóz qarashıǵınday asıraw kerekligin usı mısalımız arqalı túsindiriwge háreket ettik.

**Tiykarǵı bólim.** Ekologiyalıq insanpárwarlıqtı úgit-násiyatlaw bolsa ekologiyalıq huqıqqa, yaǵnıy insan hám tábiyattıń óz-ara tásirin muwapıqlastırıwshı huqıqıy normalıq sistemasına úlken tásirin tiygizedi. Ekologiyalıq huqıq bolsa eki tiykarǵı mániste túsiniliwi múmkin. Eń dáslep, bul adamlardıń tábiyatqa bolǵan huqıqı. Belgili bir adamlar hám kárxanalar - pataslandırıwshılar tárepinen jetkerilgen zıyandı qaplaw, ekologiyalıq áshkaralıq,

yaǵnıy tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayı tuwralı tolıq xabar beriw, hár qıylı ekologiyalıq mákemelerdi birlestiriw, ekologiyalıq sáwbet, jıynalıs, pikir almasıwlar, shaqırıqlar menen shıǵıw hám basqalar da ekologiyalıq huqıq dárejesine kiredi. Bulardıń barlıǵı bolsa, ekologiyalıq tárbiyaǵa baǵdarlanǵan sociallıq joybarlar islep shıǵılıwına negiz jaratarı sózsiz.

Sociallıq joybarlar ekologiyalıq tárbiyanıń nátiyjeli quralı bolıp esaplanadı, sebebi olar óz qatnasıwshılarına tábiyat haqqındaǵı bilimlerin ámelde qollanıw, juwapkershilik hám qorshaǵan ortalıqqa sanalı múnásibetti rawajlandırıw imkaniyatın beredi. Bunday joybarlar real ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwge qaratılǵan bolıp, balalar hám úlkenlerdi birgeliktegi iskerlikke tartadı, ámeliy kónlikpeler hám ekologiyalıq sana-sezimdi qáliplestiredi.

Ekologiyalıq tárbiya boyınsha sociallıq joybarlar tómendegi baǵdarlarda ámelge asırılıwı múmkin:

**Aymaqtı abadanlastırıw hám tazalaw joybarları:** shembilikler, terek egiw, gúlzar yamasa qıyabanlar jaratıw boyınsha akciyalar.

**Shıǵındılardı qayta islewge baylanıslı joybarlar:** Makulatura yamasa plastik jıynaw, qayta islengen shiyki zattan buyımlar jasaw, shıǵındılardı bólek-bólek jıynawdıń áhmiyeti haqqında úgit-násiyatlaw kampaniyaları.

**Suw resursların saqlaw joybarları:** Suw basseynlerin tazalaw, suwdı únemlew sabaqları, mektep háwlisinde ekosistemalardı jaratıw.

**Málimleme-aǵartıwshılıq joybarları:** Ekologiyalıq temada diywalı gazetalar, plakatlar, videorolikler jaratıw, viktorinalar hám tańlawlar ótkeriw.

**Haywanat dúnyası menen baylanıslı joybarlar:** quslar ushın aqırlar jaratıw, úysiz haywanlardı baǵıw, hár qıylı túrlerdiń jasaw orınların úyreniw hám saqlaw.

Ekologiyalıq tárbiyada sociallıq joybarlar tálim-tárbiya procesinde bizge ne beredi?

1) Mashqalaǵa baǵdarlaydı. Joybar bárqulla anıq, real ekologiyalıq mashqalanı sheshiwge tiykarlanadı.

2) Ámeliy iskerlik. Qatnasıwshılar mashqalalar haqqında bilip qoymastan, olardı sheshiwde tikkeley qatnasadı, bul bolsa bilimlerdi tereńirek túsiniw hám bekkemlewge járdem beredi.

3) Birgeliktegi dóretiwshilik. Balalar hám úlkenlerdiń birgeliktegi iskerligi oqıw, óz-ara qollap-quwatlaw hám tájiriybe almasıw ushın qolaylı ortalıq jaratadı.

4) Kónlikpelerdi rawajlandırıw: Joybarlardı ámelge asırıw procesinde qatnasıwshılardıń kommunikativlik, biliw, dóretiwshilik hám izertlew kónlikpeleri rawajlandırıladı.

5) Juwapkershilikli minez-qulıqtı qáliplestiriw. Joybar iskerligi qorshaǵan ortalıqtıń jaǵdayı ushın jeke juwapkershilik sezimin tárbiyalaydı, sonday-aq, ekologiyalıq principlerge muwapıq háreket etiw ádetin qáliplestiredi.

«Tábiyattı qorǵaw haqqındaǵı» Ózbekstan Respublikası nızamlarına muwapıq, úziliksiz bilimlendiriw sistemasında ekologiyalıq hám ekoestetikalıq bilim, tárbiyaǵa tiyisli principlerge ámel etiw áhmiyetli strategiyalıq wazıypalar etip belgilendi.

Búgingi kúnde respublikamızdıń bir qatar mekteplerinde oqıwshılardıń ekoestetikalıq kompetentligin rawajlandırıw boyınsha joybarlardıń alıp barılıwı, álbette, kózdi quwandıradı. Solardıń ishinde keń belgili bolǵan joybarlardıń biri - bul «EKO team» joybarı sanaladı.

«EKO team» joybarı mekteplerde ekologiyalıq hám ekoestetikalıq mádeniyattı qáliplestiriwge qaratılǵan, puqta islep shıǵılǵan hám ámeliyatqa usınılǵan joybarlardıń biri. Bunda mekteptiń qálewshi oqıwshıları joybardıń qatnasıwshıları hám basqarıwshıları bolıp iskerlik alıp baradı. Shólkemlestiriwshilik juwapkershiligi tábiyattanıw, tárbiya pánleri oqıtıwshıları yamasa basqa juwapker xızmetker yaki jaslar jetekshisine wazıypa etip júkletiledi hám awqam baslıǵı sıpatında jumıs baslaydı. Qatnasıwshı oqıwshılardıń bir túrdegi emblemalı ústki kiyim hám úgit-násiyat tiykarında zárúrli obyektler ushın sarıplanatuǵın qárejetleri bolsa mektep fondı tárepinen tolıq qaplanıp beriledi. «EKO team» joybarı haqqında ele de tolıǵıraq aytatuǵın bolsaq, volontyor oqıwshılar menen birgelikte háptede eki márte «EKO team» jámááti jıynalısın ótkeredi. Bunnan maqset pikir almasıw, jańa ideyalar ústinde islew hám ámelge asırılıwı kerek bolǵan jumıslardı talqılaw, olardı bólisip alıw bolıp tabıladı.

Háptede úsh márte klasslarǵa kirip, tábiyattı qorǵaw, qorshaǵan ortalıqtıń tazalıǵına hár bir insan juwapker ekenligi, mektep átirapına shıǵındı taslamaw, suwdı tejew, gúl túbeklerge gúllerdi ósiriw sıyaqlı bir qatar maǵlıwmatlar berilip barıladı.

«EKO team» joybarı baǵdarları bes bólimnen ibarat bolıp, olarǵa shıǵındılardı ajıratıw, elektr energiyasın tejew, salamat turmıs tárizin qollap-quwatlaw, biohárqıylılıqtı, yaǵnıy mektep baǵın jaratıw, suwdı tejew hám sanitariya úgit-násiyat jumıslarınan ibarat.

Sonday-aq, hár jılı 12-may «Ekologiyalıq bilimlendiriw kúni» múnásibeti menen bir qatar «Chellendjler» ótkeriw de usı joybar qatnasıwshıları wazıypasına bekitilgen. Bunda mektep átirapın ishki hám sırtqı abadanlastırıw ushın shembilik shólkemlestiriledi.

Biz joqarıda sóz etken maǵlıwmatlarımızda tek bir ǵana bilimlendiriw sistemasında engizilgen eń belgili joybarǵa toqtap óttik. Bunnan tısqarı ekologiyalıq tárbiyaǵa baylanıslı sociallıq joybarlar bir qatar orınlarda, sonıń ishinde sociallıq tarmaqlar arqalı da úgit-násiyat etilip, is júzinde kórsetilip hám hár bir gúzetiwshini óz joybarına qamtıp, tábiyattı qorǵawda ózleriniń úleslerin qosıp atırǵan geypara insanlardı mısal etsek arzıydı. Atap aytqanda, jerlesimiz, Nókisli bloger Alisher Akimov instagram sociallıq tarmaqta óziniń ájayıp «Chellendji» menen xalqımızdıń alǵısına miyasar boldı.[81] Sonday-aq, Alisher «Oshaǵan» atlı eko toparınıń tiykarshısı sıpatında qorshaǵan ortalıqtıń tazalıǵına úlken itibar qaratıp, basqa adamlardı da úles qosıwǵa shaqırıp, ámeldegi kórinislerin instagramda videorolikleri arqalı keń jámiyetshilikke usınıp keldi. Ol hár kúni erte turıp, tártipsiz shashılıp jatırǵan shıǵındılar jıynalıp qalǵan orınlardı anıqlap, sol jerlerdi tazalap, haqıyqıy tábiyattıń pidayısı ekenin úlgi sıpatında kórsete aldı. Alisher bul unamlı is-háreketleri menen tek xalqımızdıń alǵısına iye bolıp qoymastan el basshılarınıń da itibarına túsip, mámleketimiz tárepinen «Watan pidayısı» kókirek nıshanı menen sıylıqlandı. Ana tábiyatımızǵa, qorshaǵan ortalıqqa usınday jankúyerlik penen alıp barǵan háreketleri ekologiyalıq tárbiyanıń naǵız kórinisi bola aldı.

**Juwmaq.** Ekologiyalıq tárbiyaǵa baǵdarlanǵan sociallıq joybarlardıń qanshelli áhmiyetli ekeni biz joqarıda atap ótken eki mısaldan-aq kóriwimizge boladı. Usınday joybarlar elimizde ele de keńeyip, is júzinde óziniń áhmiyeti jaǵınan unamlı kórinislerin tapsa, maqsetke muwapıq boları sózsiz. Ana tábiyatımızdı qorǵawda hár birimiz belsendilik penen at salıssaq, gózlegen maqsetimizge álbette erisemiz.

[81] https://www.instagram.com/alisherakimov_official?igsh=cnZ5M210ejd5Mm16

## *PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:*

1. Barotov P. Tabiatni muhofaza qilish. – T.: O'qituvchi, 1991.
2. Novikov Yu.I. Oxrana okrujayushey sredı. – M.: Vishaya shkola, 1987.
3. Egamberdiev R. Ekologiya. – T.: O'zbekiston, 1993.
4. Tursunov X.T. Ekologiya asoslari va tabiatni muhofaza qilish. – T.: Saodat RIA, 1997.
5. A. Bahromov, Sh. Sharipov, M. Nabiyeva – Tabiatshunoslik darslik, 4-sinflar uchun, – Sharq nashriyoti-matbaa aksiyadorlik kompaniyasi, Toshkent 2020.
6. Akbarova Z. (2020, December). Between Concept and Concept in Lin.
7. Azimova I., Mavlonova K., Qurbonov S., Sh. Tursun – Ona tili va o'qish savodxonligi darslik 1-sinflar uchun 1-qism, Toshkent – 2021.

**REZYUME:** Usı maqalada búgingi kúnde жаслардың экологиялық тәрбиясында sociallıq joybarlardıń áhmiyeti, оларға жасларды тартыўдың жоллары, экологиялық тәрбия усыллары сөз етиледи. «EKO team» социаллық жойбарының мәнис-мазмуны, сондай-ақ басқа да экологиялық тәрбияның заманагөй усыллары ашып бериледи.

**REZYUME:** Ushbu maqolada bugungi kunda yoshlarning ekologik tarbiyasida ijtimoiy loyihalarning ahamiyati, ularga yoshlarni jalb qilish yo'llari, ekologik tarbiya usullari haqida so'z yuritiladi. "EKO team" ijtimoiy loyihasining mazmun-mohiyati, shuningdek, ekologik tarbiyaning boshqa zamonaviy usullari ochib beriladi.

**РЕЗЮМЕ**: В данной статье рассматривается значимость социальных проектов в экологическом воспитании молодежи на сегодняшний день, способы привлечения молодых людей к участию в них, а также методы экологического воспитания. Раскрывается сущность и содержание социального проекта "EKO team," а также освещаются другие современные подходы к экологическому воспитанию.

**RESUME:** This article examines the importance of social projects in environmental education for youth today, methods of engaging young people in such projects, and approaches to environmental education. The essence and content of the "EKO team" social project are explored, and other contemporary approaches to environmental education are highlighted.